Ассаламу гӀалайкум, казбекалъул жамагӀат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 13 (9857) 3 апрель 2020 с. /Рузман 10 Шаг1бан 1441 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## ДагъистаналъулбетӀерги муфтийги дандчӀвана



28 марталда дандчӀвана Дагъистаналъул бетӀер В.А. Васильевги муфтий АхӀмадхӀажи ГӀабдулаевги. Гьезул бицен ккана гьанже баккараб коронавирус унти республикаялда тӀобитӀунгутӀиялъе тадбирал тӀоритӀиялда сверухъ.

**«Жакъа къоялда нилъер республикаялда коронавирусалъ унтун цо чи ва I7 чи халгьабиялда вуго. Нилъер республикаялде къватӀисан вачӀун вуго 903 чи. Гьелги халгьабиялда гъоркь руго. Гьезда лъазабун буго кирего унгеян ва дандчӀваял к1ванаг1ан дагьлъизареян. Унтиялъ хехго чӀахӀияб гӀел босулин бицунеб буго.**

**Дагъистаналъул халкъалъ цӀакъ адаб-хӀурмат гьабула чӀахӀиязул, гӀолеб гӀел гьезухъ гӀенеккула, гьабизе бугеб гьелгун данд бала. ХӀажат буго гьезие бажарараб кумек гьабизе ва гьел цӀунизе. Амма гьеб кколаро гьезде тӀаде къойил хьвадейин ва гьелгун биценалда рукӀайин абураб. ЦӀакъ хӀажалъи ккани гурони, гьезухъе щвезе ине бегьуларо.**

**ЦӀикӀкӀунисеб къадар чӀахӀиял гӀадамазул буго магӀарухъ, гьениб чӀахӀиязе хӀинкъиги гьечӀо, амма унти бахарал гьенире ани, букӀине буго Испаниялда, Италиялда ва цогидал пачалихъазда гӀадинаб ахӀвал-хӀал. Гьелъин гьединал «къвакӀарал» тадбирал гьарулел ругел»,**-ан бицана В.Васильевас.

Гьединго, гьес абуна дагъистаниял ругин рацӀцӀалъи гьабулел ва гьеб цӀунулел бусурбаби. РакӀчӀолин заманалда цере лъурал масъалаби тӀуразе рукӀиналда. ЦӀакъ хӀажатаб бугин гьаб захӀматаб заманалда диниял церехъабазул рагӀиги.

АхӀмадхӀажи ГӀабдулаевас абуна: **«ГӀадамазул ургъел букӀин ккола нилъеда тӀадаб борчлъун. Аслияб масъала буго унти тӀибитӀизе биччангутӀи. Исламалъ кидаго ахӀулел рукӀана рацӀцӀалъи цӀуниялде.**

**Дагъисаналда цебегоялдаса г1адатлъун букӀана хвел ккаралъуре гӀадамал ин. Гьаб заман хӀисабалдеги босун, гьеб рахъалъ хӀалтӀи гьабизеги нижеца буго. ЛъикӀаб букӀинаан хвел гӀагарлъиялъ нухда тӀобит1ани. Цоги цебе чӀараб аслияб масъала-рузман къо. Гьеб буго Аллагьас тӀад лъураб налъи ва ниж ургъила гьеб тӀобитӀиялда тӀадги. Президентго гӀадин, мунги вуго гӀадамазул ургъалида ва нижеца бажарараб кумек гьабизе буго нужеца цере лъурал суалал бетӀералде рахъинариялъе»**,-ян.

ДандчӀваялъул ахиралда В.Васильевас абуна: **«РакӀчӀола гьарулел тадбирал дагъистаниязда ричӀчӀине рукӀиналда ва бачӀараб балагь нахъчӀваялъулъ гьез жигараб гӀахьаллъи гьабизе букӀиналда»**,-ян.

Гьеб дандчӀваялда АхӀмадхӀажица В. Васильевасе кьуна, Северияб Кавказалъул бусурбабазул рекъон ккезабиялъулаб Централъул рахъалдасан, I-аб. даражаялъул **«Бусурбабазул цолъиялъе гьабураб хъулухъалъухъ»** орден.

**М.-Ш. ГӀАБДУЛАШИМОВ**

---

**1 апрель-Халкъалдагьоркьосеб хӀанчӀазул къо**

## Бищунго «херал» байрамазул цояб…

Х1анч1и ц1униялъул байрам «г1уц1ун» бук1ин т1оцебе лъазабуна 1894 соналъ. 1906 соналъул 1 апрелалда х1анч1и ц1униялъул Халкъалдагьоркьосеб конвенциялда гъоркь гъулбасана. Гьеб заманалде цере дунялалда рук1арал х1анч1азул цо чанго тайпа т1аг1иналъ бихьизабуна, х1анч1и ц1униялъе хасаб программма г1уц1ич1они, хадусанги гьел т1аг1ине рук1ин.

Гьелъие цо мисал:

Индонезиялда цебе заманалда бук1ун буго жиндир ц1айи 300 кг. ц1ик1к1унеб х1инч1. Гьелъул ханиде жанибе унеб бук1ун буго 10 л. лъел. Бак1алъул г1адамаз гьелда абулеб бук1уна «Моа»- йилан. Боржине к1оларeб ва гьелъ г1емераб гьан бахъулеб бук1иналъ, г1адамаз гьеб тайпа т1убанго т1аг1инабун буго.

Гьабсаг1аталда дунялалда бугеб бербалагьи хӀанч1азде бугони, гьел т1убанго тӀаг1ине бегьула. Т1олабго дунялалда руго г1езег1анго гӀуц1аби хӀанч1и ц1униялда т1ад х1алт1улел, руго гьел Россиялдаги.

Цо байрамалъул къоялъ Голландиялъул лъималаз гьа балеб буго хӀанч1и чӀвангутӀизе ва гьезул рук1нал риххунгут1изе. Нилъ нуг1заллъун руго х1анч1и ц1униялъе дунялалда т1орит1улел тадбиразе. Кьиндал бак1-бак1азда гьезие лъола кормушкаби, ихдал гъут1бузда рала скворечникал, лъималазе бицуна х1анч1азул бугеб кӀваралъул, тӀоритӀула экскурсиял, батӀи-бат1иял выставкаби, г1елмиял конференцияби ва дандч1ваял.

ЦӀуне хӀанч1и!

*Р. МУХӀАМАДОВА, методист ИМЦ*

---

## С 1 апреля для всех жителей Дагестана вводится домашний режим изоляции

Глава Дагестана Владимир Васильев сегодня подписал указ о дополнительных мерах предотвращения масштабного и быстрого распространения COVID-2019 в республике.

Согласно указу гражданам рекомендуется воздержаться от посещений религиозных объектов, мест массового скопления людей, связанных с проведением религиозных обрядов и мероприятий. Также необходимо ограничить поездки за пределы Республики Дагестан, в том числе в целях туризма и отдыха.

Ограничения будут действовать до улучшения санитарно-эпидемиологической обстановки. Для этого рекомендуется не покидать дома и держать дистанцию от других людей не менее полутора метров в общественных местах.

С 1 апреля выходить из дома можно только для обращения за экстренной (неотложной) медицинской помощью. Кроме того, допускается выход из дома на работу, если есть обязанность ее посещения, для совершения покупок в ближайшем работающем магазине или аптеке, а также выгула собаки. Последнее разрешается делать в радиусе не более ста метров от дома. Также разрешается выносить бытовой мусор.

Согласно Указу ограничения не распространяются на граждан, у которых есть специальный пропуск.

В подписанном во вторник указе главы, помимо прочего, религиозным организациям всех конфессий рекомендуется запретить проведение религиозных обрядов и мероприятий с массовым участием граждан. Также будет запрещен вход в парки, лесопарки и нахождение в них.

---

## Уважаемые жители района!

Вступили в силу ограничительные и запретительные меры в целях недопущения завоза и распространения коронавирусной инфекции на территории нашего района.

Во исполнение Указа главы Республики Дагестан Владимира Васильева, оперативный штаб района по реализации мер профилактики и контроля за распространением коронавирусной инфекции закрывает все учреждения и предприятия, в том числе объекты малого и среднего бизнеса, независимо от форм собственности. Ограничения не касаются продовольственных магазинов, аптек, АЗС, общественного транспорта и объектов жизнеобеспечения.

С 30 марта 2020 года по 5 апреля 2020 года временно приостановлена работа банкетных залов, кафе, столовых, буфетов и иных предприятий общественного питания, за исключением обслуживания на вынос.

При предоставлении услуг по продаже, изготовлению и удаленной доставке продуктов, товаров первой необходимости и продукции общественного питания руководители предприятий обязаны обеспечить работников средствами индивидуальной защиты, включая медицинские маски, перчатки и кожные антисептики. К лицам, организациям и предприятиям всех форм собственности, игнорирующим ограничения и запреты оперативного штаба, будут применены все имеющиеся меры административной ответственности. Оперативный штаб настоятельно рекомендует соблюдать режим самоизоляции гражданам в возрасте старше 65 лет, а также гражданам, страдающим хроническими заболеваниями бронхо-легочной, сердечно-сосудистой и эндокринной систем.

Режим самоизоляции не применяется к руководителям и сотрудникам предприятий, организаций, учреждений и органов власти, чье нахождение на рабочем месте является критически важным для обеспечения их функционирования, а также работникам здравоохранения. Оставайтесь дома и будьте здоровы!

**Оперативный штаб**

---

**Инсан ва гӀумру**

*Дир мурад - пайдаявлъун вукӀин*

**ЦӀализе бегьула - 2 гьум.**

**«Щивго кӀочон гьечӀо...» конкурс**

*Гьесда хӀинкъи лъалароан...*

**ЦӀализе бегьула 3 гьум.**

*Телефоназ куцараб гӀел*

**ЦӀализе бегьула 4 гьум.**

**ГӀагараб газеталъул божарал гъудулзаби,**



*Инсан ва гIумру*

# Дир мурад - пайдаявлъун вукIин

***Пайдаял ишазин цIар даимаблъун гьабулеб,***
***Дур машгьурлъи гIасрабаз гIасрабахъеги кьолеб.***
***Ле, инсан, а цевехун ахиралде щвезегIан,***
***Абе, кIолареб гьечIин, щайгурелъул, мун – инсан!***

**Алишер Навои**

Нилъеда гьоркьор руго гIадамал жидеде хIажалъи ккаразе, жидералго ишалги тун, кумекалъе рахъунел. Гьелдасан гIемераз пайдаги босула. Кумекалъе рахъунел гьединал гIадамазда ракIалдецин кколаро жидее **«жаваб»** гьабизелъун гьеб гьабулеб бугин. Щивасул гIумрудул нух къисматалъго бихьизабун бугилан бицуна. БатIи-батIияб букIуна гьеб нухги. Узухъда, киназулго цогояб бербалагьиги гьелде букIунаро. Цояз гIумруялъ ***«кьохорохо»*** кодоса биччаларо, цогиязул цо нухалъ кодобе босараб **«рахан»** кодобго хутIула. Рахан кодоб ккуразе(гьабураб кумекалъухъ) цо-цо нухалда баркалацин щоларо. Кидаго кумекалъе х1адуразул кьерда вугин абизе бегьула Ленинаул росулъа Даци Зубайриевич Сайдулаев.

Даци гьавуна 1957 соналъ Сталинаул (гьанжесеб Ленинаул) росулъ. Гьесул эмен Зубайрил г1умрудул нухалъул хIакъалъулъ Чапаралда хъван букIана. (6 май 2019с.). Дацил инсулги гIадамазе хъулухъ гьабулаго гIумру ана. Гьес гьабуралдаса нахъе ккараб гьечIин абизе бегьула Дацица гьабулеб хъулухъги.

Зубайрил хъизаналда букIана 5 лъимер. 5 сон тIубаралдаса инсуца Даци ругьун гьавуна Къуръан цIализе ва гьесда цо чанго сура рекIехъеги лъалаан. Школалда цIализе лъугьаралдаса Даци вукIана, щал ишал классалда тIоритIизе кканиги, цевехъанлъун.

ТIоцебе гьес байбихьана школалда футболалъул къецал тIоритIизе,хадусан гьел тIоритIана росдал даражаялдаги. Гьев вукIана классалъул, школалъул ва росдал командабазул капитанлъун ва вратарьлъун.

1975 соналъ Даци хIана республикаялъул даражаялда тIоритIарал футбол хIаялъул къецазулъги.

1976 соналъ Даци ахIана Советияб Армиялде. Гьев гьоркьов вукIараб къокъа битIулеб букIана Германиялде(ГДР). Орджоникидзе (гьанжесеб Владикавказ) шагьаралда, бакIазде ритIилелде чIарал гIолилал ккола танкабазул часталде. Гьениб Дацица бихьизабуна футбол хIаялъулъ **«каваби»** цIунизе бугеб махщел. Гьев тIамуна полкалъул командаялъул вратарьлъун.

Дацил хIайги бихьун, физкультураялде рагъухъаби хIадуриялъул начальникас Дацице абуна: **«Мун Германиялде виччазе гьечIо. Мун хIазе ккола дивизиялъул командаялъулъ армиялъул хIаязда»,**-ян. Амма 11 маялъ Германиялде битIизе букIараб къокъа битIула 8 маялъ. Гьелъ Дациги гьенив хутIичIо.

Германиялдаги гьев тIамуна батIи-батIиял футболалъул къецазда **«каваби»** цIунизе. Гьезул командаялъе гьенир (кIиго нухалда) бергьенлъиялъул медалалги щвана.

Узухъда, рагъулаб хъулухъалдаги Даци цебесеб кьерда вукIана. Гьев кколаан рагъулабгун политикаялъул отличниклъун,отделениялъул командирлъун,взводалъул командирасул заместительлъун. Гьесул отделение, хадуб взвод букIана бищунго лъикIаблъун. Армиялда хъулухъ гьабулеб заманалда гьесие щвана 32 батIи-батIияб шапакъат.

Армиялдаса тIадвуссун хадув Даци кIиго соналъ хIалтIана росдал магIишаталъул районазда гьоркьосеб техникаялъул гIуцIиялда. 11 соналъ гьев вукIана росдал школалда военруклъун. Гьеб заманалда Дацица рагъулаб хъулухъалде хIадурана гIемерал гIолилал, гьес нухмалъи гьабулеб къокъа гIахьаллъулаан батIи-батIиял къецазда ва гьелъ гьенир росулаан призалъулал бакIал.

Хадусан, ВЛКСМалъул райкомалъул тIалабалда рекъон, гьев тIамуна росдал **«Гьудуллъи»** колхозалъул комсомольцазул комитеталъул секретарьлъун. Дацил бетIерлъиялда, гьеб организация лъугьана республикаялда бищун лъикIал организациябазул цояблъун.

Районалъул тарихалда тIоцебе Дацица гIуцIана бригадазул комсомольцазул организацияби. 1984 соналъ, гьесул бихьизабиялдалъун, МТФялъул гIолилаз социалистическиял къецазде ахIула цогидал коллективал. Гьедин гьабиялъ рес кьуна МТФ районалда бищун лъикIаблъун лъугьинабиялъе.

Дацил хIалтIуе лъикIаб къимат кьурал макъалаби рахъана районалъулгун республикаялъул газетазда. Комсомольцазул хIисаб кьеялъулгун рищиязул собраниялда дол соназ гIахьаллъана партиялъул райкомалъул тIоцевесев секретарь ГIабдуразакъ ХIусейновги. Гьес кIудияб къимат кьуна Дацица нухмалъулеб гIуцIиялъ гьабулеб хIалтIуе. Гьелъулъ рукIарал комсомольцал кIодо гьаруна комсомолалъул ЦКялъул, Обкомалъул каранда ралел гIаламатаздалъун, ХIурматалъул грамотабаздалъун ва цогидалги шапакъатаздалъун. Гьеб гIуцIиялъул мухъилъ дол соназ вукIарав Ильяс Шабазов (гьанже районалъул бетIерасул ишал тIуралев) вищана ВЛКСМалъул XX съездалъул делегатлъун.

Дацил лъикIаб ва гIадамазе пайда цIикIкIараб хIалтIиги бихьун, гьев тIамуна колхозалъул партийнияб комитеталъул секретарьлъун. Гьениб хIалтIи гIуцIун бугеб къагIидаялъул хал гьабизе кIиго нухалъ бачIана КПССалъул ЦКялъул комиссия ва гьелъ комитеталъ гьабулеб хIалтIуе лъикIаб къимат кьуна.

Колхозалъул председатель (Темирсултан Къадиев) ва Даци рекъон хIалтIулел рукIиналъ, колхоз бачIана республикаялъул колхозазул цебесеб кьерде, гьеб камичIо ХIурматалъул хъорщодасаги.

Гьебго заманалда, колхозниказе щвана **«ДАССРалъул мустахIикъав агроном», «ДАССРалъул мустахIикъав экономист»** ва цогидалги цIарал, орденал, медалал ва ХIурматалъул грамотаби.

Гьединго, гьел ритIана СССРалъул ВДНХялде. Жинда тIад къарал хIалтIабазда цадахъ, Д. Сайдулаевас жигараб гIахьаллъи гьабуна жамгIияб хIалтIулъги.

1979-1991соназ гьев вукIана ВЛКСМалъул райкомалъул бюроялъул ва КПССалъул райкомалъул членлъун, республикаялъул комсомольцазул конференциялъул делегатлъун, росдал советалъул ва районалъул Собраниялъул депутатлъун.

Ункъо соналъ Даци хIалтIана бетIерав бухгалтерлъун, кIиго соналъ-росдал администрациялъул специалистлъун.

Гьесул, рагIа-ракьанде щун, ракIбацIцIад, жавабчилъиялда ва бажаризабун гьабулеб хIалтIиги бихьун, гьев тIамуна районалъул администрациялъул координациялъулгун аналитическияб отделалъул начальниклъун.

2017 соналъул январалдаса Даци тIамуна экономикаялъул отделалъул начальниклъун. Гьес нухмалъи гьабулеб отделалъ, зонаялда росана призалъулал бакIал. Гьелъ бихьизабула гьанже Дацица нухмалъи гьабулеб гьеб отделги цебесеб кьерда букIин.

Заман гьечIеблъиялъухъ балагьичIого, Дацица гIахьаллъи гьабула росдалгун районалъул жамагIатаз тIоритIулел тадбиразулъги. РакIчIун абизе кIола, Даци гьоркьоса камурал тадбирал росулъ рукIунарин.

Цо дандчIваялда Дацица абуна: **«Дир мурад - пайдаявлъун вукIин буго. Гьедин хьвадиялъ нилъее рес кьола гIадамазул баркалаги Аллагьасул кириги щвезе. Гьелдаса тIадегIанаб щиб букIунеб?»**-ан.

Гьеле, гьединав вуго нижер Даци Зубайриевич Сайдулаев.

**Б.МУСИЧОВ,**
**Ленинаул росу.**

**«Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо» конкурс**

## Кида нуж кIочон телел, лъида кIочене ругел?

Бресталда жал къанщарал, блокадаги х1ехьарал,
Волга г1урулъ гъанкъарал, Днепралъ росунги арал,
Г1акъуба кин кьуниги, тушманасе къуркьич1ел,
Кида нуж к1очон телел, лъида к1очене ругел?
Ралъадазул т1иналде гамулгун т1ерхьун арал,
Асирлъуде кканиги, щибниги раг1и кьеч1ел,
Рукьби гъурун, черх суссун, коронир ран рух1арал,
Кида нуж к1очон телел, лъида к1очене ругел?
Тушманасул ракьалда гурх1ел-рах1му гьабурал,
Гьенив вакъаравги тун, квен кванач1ел умумул,
Жужах1 ч1аго бихьарал, хириял вацал, яцал,
Кида нуж к1очон телел, лъида к1очене ругел?

**И. АБУЛАЕВ, Гуни росу.**

## Рагъул бахIарзазде

Гуллие керен кьун, гьужумалъ арал,
Хиянатав тушман щущазавурал,
Кьалул майданалда эркенлъи ц1унун,
Ц1адулъ лъадарарал, дагъистаниял.
Нужеда бихьараб рагъул зах1малъи,
Нилъер наслабазе мисаллъун буго.
Х1инкъи-къай лъаларел, лебалал васал,
Реццги ц1арги нужей х1алалаб буго.
Нижеда кидаго к1очене гьеч1о
Нужер бах1арчилъи, нужер таваккал.
Г1умру кьун, ц1унараб эбелаб Ват1ан
Даим нужедаса ч1ух1араб буго.

**ГIабдуразакъ МУХIАМАДОВ, ИчкIа росу.**

«Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо»конкурс

# Гьесда хIинкъи лъалароан...

Г1емер бицана, бицунеги буго ва бициннеб батила К1удияб Ват1анияб рагъул х1акъалъулъ, щайгурелъул, нилъер Ват1ан мут1иг1 гьабизе т1аде бач1араб балагь бук1ана киданиги жинда бащалъулеб дунялалда бук1инч1еблъун, вахIшияблъун, щибаб хъизаналдасайин абухъе, г1адамал данде рахъараблъун ва рик1к1ине зах1матал камиял ккараблъун. Ункъо соналъ ракъунги, квачанги, рух1алда барахщич1ого, къеркьана фронталдаги тылалдаги нилъер халкъ тушмангун. Ахиралде щвезег1ан т1атун гьеч1о Ват1анияб рагъда нилъер г1адамаз бихьизабураб бах1арчилъи.

**Ват1ан т1аса бищизе лъиданиги к1олареб,**
**Ракьалда цоги гьеч1еб, гьеб цох1ойин бук1унеб.**
**Бералъ босулебщинаб бак1алъул лъик1 хал гьабе,**
**Бихьила дуда дунял кибго такрарлъулареб.**
**(Анна Рест).**



Нилъеда ва г1олеб г1елалда т1адаб буго, бажарараб къаг1идаялда, гьелда т1ад х1алт1изе. Г1адада гуреб абулеб: «**Аралда таманча реч1ани,бач1унелъ г1арада рехIчIула»**,-ян. Бихьараб балагь к1очаразда дагьалъги квешаб т1аде бач1ине бегьула.

Ахирияб заманалда ц1ик1к1унел руго нилъер рагъухъабаз босараб бергьенлъи г1одобег1ан гьарулел бицинал. Жал немцазул квершаликь рук1арал ва, г1емерал камиялги ккун, нилъераз эркенлъиялде рачаралгицин лъугьунел руго немцал американцазгун англичаназ къезе гьарунин. Гьел харбал ц1ик1к1ине лъугьарабго, нилъер Президент В.В. Путиница, документаздалъун, бихьизабуна бук1араб х1акъикъат ва абуна нилъер халкъалъул бергьенлъи киданиги г1одоб гьабизе к1везе гьеч1илан.

Гьелъ, нилъеца х1аракат бахъизе ккола наслабахъе рагъул х1акъикъат къезе, гьеб гьезда к1очонареблъун гьабизе.

Нилъер районалъул г1адамазги гьеб бергьенлъи босиялъулъ жидерго бут1а лъуна. Ах1унги г1арза къунги Баг1араб Армиялде районалдаса ана, ахириял баяназда рекъон, 2767 чи. Гьезул 1100-г1анасев чи гурони, т1адвуссинч1о. Фронталъе кумек гьабуна тылалда хут1арал руччабаз, харабаз ва лъималаз.

Г1арзаги къун, фронталде арал нилъер районцоязда гьоркьов вук1ана Ансарияв Шарабудиновги. Байбихьуда гьев вит1ула Грузиялда рук1арал офицерал х1адурулел курсазде. Гьел лъуг1ун хадув Ансарияв ккола разведкаялде. Гьев г1ахьаллъула Украина, Молдавия, Польша,Чехословакия, Венгрия ва Румыния фашистаздаса эркен гьарулел рагъазульги. Варшава тушманасдаса эркен гьабулеб рагъулъ ч1вала ротаялъул командир. Гьеб лъарабго, Ансарияс командирлъи т1аде босула.

Гьеб рагъулъ бихьизабураб бах1арчилъиялъухъ гьев к1одо гьавула «**Баг1араб Ц1ва**» орденалдалъун ва гьесие кьола к1удияв лейтенантасул чин.

1945 соналъул маялда Чехословакия эркен гьабулеб рагъулъ Ансарияв зах1матго лъукъула. Сахлъун хадув гьев вит1ула бандеровцазул хут1елал т1аг1инариялъулъ г1ахьаллъизе.

Ансарияв г1агараб ракьалде т1адвуссуна 1946 соналъ. «**Баг1араб Ц1ва**» орденалда цадахъ Ансарияв к1одо гьавула II-аб. даражаялъул «**К1удияб Ват1анияб рагъ**» орденалдалъун ва юбилеязул медалаздалъун.

Дилим росулъа Х1ажи Адимирзаевас бицана: «**Дун районалъул библиотекаялъул директорлъун х1алт1улеб заман бук1ана. Калининаул росулъ т1обит1араб цо данделъиялда дунги г1ахьаллъана. Гьенив к1алъазе вахъарав рагъул г1ахьалчи Исх1акъ Чечильбиевас бицана фронталда ккараб гьадинаб цо лъугьа-бахъиналъул х1акъалъулъ. Гьезда цадахъ вук1арав Ансариясда лъалеб бук1уна г1урус мац1 ва гьев киназдасаго г1олохъанав вук1уна. Цадахъ рук1аразда Ансарияс абула: «Воре, г1олохъаби, зах1мат бугинги абун, нужеца ях1-намус рехуге. Ч1аго хут1и мурадалда, ц1уни гьабуниги, нахъе къаге, лъутуге, къокъ гьабун абуни, тушманасда мугъ бихьизабуге, щайгурелъул, ч1агоги хут1ун, т1адруссараб заманалда ях1-намус рехи рек1елъ къан хут1изе буго ва хвезег1ан гьеб к1оченеги гьеч1о»,-ян.**

**Исх1акъил раг1абазда рекъон,Ансарияв вук1уна х1инкъи, нахъекъай гьеч1ев рагъухъан. И. Чичильбиевас г1емерал лъик1ал раг1аби абуна Ансариясул х1акъалъулъ. Дун вохана дир росуцоясда хурхарал гьединал раг1аби раг1араб мехалъ**»,-ян.

Рагъдаса т1адвуссун хадув Ансарияс муг1алимлъи гьабула. Гьес куцарал г1емерал ц1алдохъабаз т1аса бищула армиялда хъулухъ гьаби.

Гьезда гьоркьор рук1ана вацал: Анатолий, Валерий ва Г1усман Х1ажиевал, Юкрудин Салимханов, Манап Лат1ипов, Пайзула Ошокоев ва цогидалги.

Цо нухалда Ансариясда ц1ехон буго: «**Гьанжесеб г1елалъ х1ехьелаандай нужеца х1ехьараб»**,-ан. Гьес абула:«**Жакъа Афгъанистаналда унеб рагъулъ ругел г1олохъабаз нижедаса нахъе ккараб бах1арчилъи бихьизабулеб гьеч1о. Х1ажатаб, Ват1аналде къо ккараб мехалъ, киналго цо г1адин, г1олеб г1ел тушманасде данде бахъине бук1иналда дир щибниги щаклъи гьеч1о**»,-ян.

Ансарияс, к1вах1тун, ц1алдохъаби х1адур гьарулаан рагъулаб хъулухъалде. Гьелъин, республикаялъул даражаялда 1966 соналъ т1обит1араб спартакиадалда, г1удже кьвагьиялъул рахъалъ, нилъер районалъул командаялъ бергьенлъиги босараб.

Т1адкъараб х1алт1и рак1бац1ц1ад гьабулевлъун, ях1-намус ц1ик1к1аравлъун, г1адамал хириявлъун, жиндие гьабулеб рецц-бакъ бокьулареввлъун лъалаан гьев киназдаго. Ансарияв г1умруялдаса ват1алъана 2001 соналъ.

Нилъеда ва наслабазда киданиги к1очене бегьуларо рагъул г1ахьалчаг1аз гьаб гвангъараб г1умру нилъее къураблъи. Макъалаялъе ахир лъезе бокьун буго ветераназул х1акъалъулъ хъварал гьал раг1абаздалъун:

**Ц1арккун, гьел рак1алде щвезе гьаризин,**
**Нилъер пашманлъиялъ-щвезе гьаризин.**
**Гьеч1о гьеб хваразе кинго х1ажатаб,**
**Гьеб къвариг1ун буго ч1аго ругезе.**

*Э. ИДРИСОВ,*
*зах1маталъул ветеран, Дилим росу.*

# «Гъанситухъ» абураб клуб рагьана

Лъалеб бук1ахъе, гьаб сон лъазабун буго халкъияб творчествоялъул Сонлъун. Гьелда хурхун, дагьал церег1ан къояз районалъул культурияб Централда т1обит1ана «**Гъанситухъ**» абураб фольклоралъул клуб рагьиялъул тадбир. Гьеб г1уц1аразул мурадлъун ккола умумузул лъик1ал г1адатал г1олеб г1елалда лъазари, гьел ц1униялъе тадбирал т1орит1и. Гьединал дандч1ваял т1орит1иялъулъ Централъул х1алт1ухъабаз г1ахьал гьарула ц1алдохъабиги. Рехсараб данделъиялда г1ахьаллъана лицеялъул 8-аб. классалъул ц1алдохъаби. Умумузул бук1араб г1адинаб рет1елги рет1ун, ц1алдохъабаз гьениб бихьизабуна «**Годек1ан**» абураб сценка.



Цересел к1уч1дулги ах1улаго, ясаз рихьизаруна квас самиялъул, хьухьариялъул гъасдабак1азда хурхарал сценкабиги.

Гьай-гьай, гьаб заманалда гьединал гъасдабак1ал т1орит1уларо. Амма доб заманалъул г1адатал умумуз гьабулеб бук1араб лъаялъ г1олеб г1ел ц1азе бегьула гьанже заманалда рекъарал данделъаби т1орит1иялде. Гьез гьел, нилъер умумулго г1адин, ах1изе бегьула цоцалъ гъункиялде, цоцазда рич1ч1иналде, гьоркьорлъаби щула гьариялде ва рагьараллъун рук1иналде.

*А. ДИБИРОВА.*

# Спичкаби лъималазе расанкIаби гуро

Хал гьабураб заманалда бичIчIуна, лъималазул гIайибалдалъун, цIаккеялъе г1иллалъун букIуна умумуз яги чIахIияз гьезухъе щолеб бакIалда спичкаби тей, расанкIаби хIисабалда, лъималаз гьел хIалтIизари. Халкквей гьечIони, лъималазул спичкабигун расанди кIудияб балагьалде сверизе бегьула.

3 сонaлдаса 7 сонaлде щвезегIан лъималаз чIахIияз гьабураб такрар гьабула. РакIчIун рукIине ч1ах1иял бегьуларо, жалго рукъор хутIараб заманалда, чIахIияз гьабула такрар гьабун, лъималаз цIа бакунгутIиялда, электрическиял приборал хIалтIизе риччангутIиялда ва гь.ц. БукIуна заман лъимал жалго жидедаго тезе ккoлеб. Писиназда хадуб халккквезе чIахIиял лъимал ругьун гьаризеги ккола. Лъимал чIалгIеналде цIачIого рукIине, гьезие цо кинаб букIаниги хIалтIи къезе ва гьеб тIубаялъул хал кквезе ккола. ТIаде нуцIа рахарал рукъзабахъ лъимал тезеги бегьуларо. Нагагь цIа ккани, гьезда жалго къватIире лъугьине бажаруларо. ЦIадухъаги кIкIуялъухъаги х1инкъарал гьел рахчула столазда, кроватазда гьоркь ва цогидалги бакIазда. ЦIа ккараб рукъор гьел ралагьизе цIакъ захIмат букIуна ва лъимал гIумруялдаса ратIалъизе бегьула. Лъималазда бичIчIинабизе ккола цIаялъ кьолеб зараралъул хIакъикъат.

4-5 сон тIубаралдаса лъимал ругьун гьаризе лъикIаб буго цIагун хIалтIиялъул къагIидабазде. Гьединго, гьезда мухIкан лъазе ккола жидерго адрес, цIаккеялдаса цIунулел гIуцIабазул телефоналъул номер. Гьелъ квербакъизе буго, нагагь цIа ккани, хехаб кумек гьабиялъе.

Лъималазул пикруялда хадур гъезе захIмат бук1уна. Расандаби тIоритIизе гьел ракIаризе бегьула тIохазда, бокьахъ,подвалахъ ва гь.ц. Гьединал гIемерисел бакIазда бецIлъи букIуна. Гьеб нахъе инаби мурадалда, лъималаз цIа бакизе бегьула ва гьениб цIа рекIиналда хIинкъи букIуна. Кирехун лъимал рукIунелали, щиб гьез гьабулеб бугебали халалда рукIине умумузда тIадаб буго, гьедин гьабичIони, хIасил квешаб ккеялда щаклъи букIунаро. Писинал лъимал цIа бакизе, гьединго, газалъул, токил приборал хIалтIизаризеги тIамизе бегьуларо. Нагагь цIа ккани ва гьелдалъун цогиязе зарал ккани, законалъ умумул гьеб бецIизе тIамула.

Лъималазул гIайибалдалъун цIа ккечIого букIиналъе:

I. Спичкаби ва цогидаб цIа бакулеб тIагIел- гIучI лъималазухъе щолелъуб тоге.

2. Лъималазда хадуб халкквe.

3. Лъимал жалго жидедаго тоге.

4. Бакараб цIаялда хадуб халкквезе лъимал тIамуге.

ТIагьир ЧЕГУЕВ,
42-аб.цIаккеялдаса цIуниялъул
частальул начальникасул заместитель.

# Коронавирусалъул хIакъалъулъ ахириял баянал

(31.03.2020 г.)

**Дунялалда…**

Коронавирусалъ унтаразул къадар 700 азарго чиясдаса, хвараазул – 340 азарго чиясдаса ц1ик1к1ана. Гьебго заманалда сахлъун вуго 150 азарго чи.

**Россиялда…**

Унтаразул къадар 1836 чиясде г1агарлъун буго. 9 чи хун ва 66 чи сахлъун вуго.

**Дагъистаналда…**

Лабораториял анализаздалъун т1атун вуго коронѓвирусалъ унтарав 4 чи. 27 чиясул анализаз гьеб уяблъунги гьабун буго. Хвел ккун гьеч1о.

**Интернеталдаса босараб.**

# «Бергьенлъиялъул сирень» акция



26 марталда Гертма росулъ тIобитIана КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъарал росуцоязе бараб памятникалда сверухъ сиреналъул гъутIби чIей.

Т1олгороссиялъул **«Бергьенлъиялъул сирень»** акциялда хурхинабураб гьеб тадбир тIобитIана районалъул руччабазул Советалъул жигарчилъиялда.

Гьенир гIахьаллъана росдал киналниги гIуцIабазул хIалтIухъаби ва цIалдохъаби.

**Табика ЗИРАЛОВА, Гертма росу.**

# Телефоназ куцараб гIел



Лъиениги балъголъи гуро, ахирияб заманалда, унго-унгоги зах1матаб, х1алуцараб х1алалде инсанасул рух1ияб рахъ ккун бук1ин. Маг1ишат-яшавалъул гурони къимат гьеч1еб заман бач1индал, лъималазе рет1инеги, кваназеги, х1ажатал шарт1ал ч1езаризеги ккун, эбел-эмен рег1улел гьеч1о гьезие тарбия кьеялде.

Бералда бихьулелде кIварги кьун, гьелдасан тарбиялъул аслияб рахъ щолеб гIолеб гIелалдаги г1иц1го бечелъи хазиналъун кколеб буго. Амма нилъер бечелъи ккола умумуз нилъее нахъе тараб рухIияб ирс.

Маг1ишаталъул т1алабалда умумул ругебг1ан заманалда, лъимал хут1улел руго жалго жидедего руссун. Г1емерисел гьел рук1уна компьютеразда, телефоназда **«жанир»** ва телевизоралъухъ ралагьун. Гьел квешалъухъищ яги лъик1алъухъищ ралагьун ругелалиги эбел-инсуда бихьулеб гьеч1о. Г1исинал лъималазухъецин т1адехун рехсарал **«расанк1аби»** кьезецин гьел нахъе къалел гьеч1о. Гьедин, г1олеб г1ел телефоназ куцалеб буго. Г1олеб г1елалда зулмуялъ зулмуги, лъик1лъиялъ лъик1лъиги бижизабулеб бук1ин бич1ч1изабизе х1ажат буго. Гурони, гьез ч1ах1иязде гьикъун щибниги гьабизе гьеч1о. Лъик1аб бук1инаан, лъай кьеялда цадахъго, муг1алимзабаз школазда рух1ияб рахъ цебет1езабиялдеги к1вар кьуни. Умумуз школалде рехун, школалъ умумузде т1амун иш тани, нилъер лъик1аб бук1инесеб бук1иналда щаклъи буго. Сундул бук1аниги гьез къимат гьабилинги рак1алде кколаро.

Гьединго, к1вар кьезе кколеб суаллъун буго рахьдал мац1 ц1уни. Къойидаса къойиде ц1ик1к1унеб буго г1урус мац1алъ цоцазде к1алъалезул къадар. Хъизаналда гьоркьобцин гьеб х1алт1изабулебги буго. Умумуз рукъоб, муг1алимзабаз школалда к1вар кьезе ккола нилъер халкъалъе хасиятаб щиналде лъимал ругьун гьаризе.

Берцинаб ва х1еренаб каламалъ мег1ер борлъулин аби буго нилъер умумузул. Гьезул гIумрудул нух, гIадатал, тарих ва маданият унго-унгояб ва камилаб х1алалда гIицIго рахьдал мацIалдалъун гурони, гIолеб гIелалъухъе щоларо.

**Асият ДИБИРОВА.**

# Прокурор разъясняет…

Административный надзор представляет собой осуществляемое органами внутренних дел наблюдение за соблюдением лицом, освобожденным из мест лишения свободы, установленных судом в соответствии с Федеральным законом № 64- ФЗ от 06.04.2011 «Об административном надзоре за лицами, освобожденными из мест лишения свободы» временных ограничений его прав и свобод, а также за выполнением им обязанностей, предусмотренных указанным законом.

В ст.5 и 11 указанного Федерального закона перечислены административные ограничения, устанавливаемые при административном надзоре, и обязанности поднадзорных лиц. За уклонение от административного надзора или неоднократное несоблюдение установленных судом ограничений предусмотрена уголовная ответственность по ст.314.1 УК РФ.

По ч.1 ст.314 УК РФ уголовная ответственность наступает за неприбытие без уважительных причин лица, в отношении которого установлен административный надзор при освобождении из мест лишения свободы, к избранному им месту жительства или пребывания в определенный администрацией исправительного учреждения срок, а равно самовольное оставление поднадзорным лицом места жительства, пребывания или фактического нахождения, совершенные в целях уклонения от административного надзора.

Неприбытием лица к избранному им месту жительства или пребывания в определенный администрацией исправительного учреждения срок следует считать неисполнение обязанностей, указанных в предписании, прибыть к избранному им месту жительства или пребывания в определенный срок и явиться для постановки на учет в орган внутренних дел в течение трех рабочих дней со дня прибытия, совершенное в целях уклонения от административного надзора. Уважительными причинами неприбытия лица в определенный срок к избранному им месту жительства или пребывания могут быть конкретные обстоятельства, которые препятствовали исполнению указанных в предписании обязанностей (например, чрезвычайная ситуация природного или техногенного характера, временное отсутствие транспортного сообщения, тяжелая болезнь этого лица).

Под самовольным оставлением поднадзорным лицом места жительства или пребывания следует понимать его непроживание (непребывание) по месту жительства или пребывания и (или) его выезд за установленные судом пределы территории без разрешения органа внутренних дел, совершенные в целях уклонения от административного надзора.За совершение преступления, предусмотренного ч. 1 ст.314.1 УК РФ, может быть назначено наказание в виде обязательных работ на срок от ста восьмидесяти до двухсот сорока часов, либо исправительных работ на срок до двух лет, либо лишения свободы на срок до одного года.

Уголовная ответственность по ч.2 ст.314 УК РФ наступает за неоднократное несоблюдение лицом, в отношении которого установлен административный надзор, административных ограничений, установленных ему судом в соответствии с федеральным законом, сопряженное с совершением данным лицом административного правонарушения против порядка управления (за исключением административного правонарушения, предусмотренного ст. 19.24 КоАП РФ), либо административного правонарушения, посягающего на общественный порядок и общественную безопасность, либо административного правонарушения, посягающего на здоровье, санитарно-эпидемиологическое благополучие населения и общественную нравственность, либо административного правонарушения, предусмотренного ч.7 ст. 11.5, либо ст. 11.9, либо ст. 12.8, либо ст. 12.26 КоАП РФ.

Неоднократным несоблюдением поднадзорным лицом административных ограничений признается несоблюдение лицом, в отношении которого установлен административный надзор, административных ограничений, установленных ему судом в соответствии с федеральным законом, при условии, что это лицо ранее привлекалось к административной ответственности за аналогичное деяние два раза в течение одного года.

За совершение преступления по ч.2 ст.314.1 УК РФ предусмотрено наказание в виде штрафа в размере до шестидесяти тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период до шести месяцев, либо обязательных работ на срок от ста до ста восьмидесяти часов, либо исправительных работ на срок до одного года, либо принудительных работ на срок до одного года, либо лишения свободы на срок до одного года.

*БетIерай редактор: Джамиля ГIабдулахIитова 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: 367032, РД МахIачхъала шагьар Насрудиновасул къватI №61*

*Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.*
*Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.*
*ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,*
*Индекс: 51354*
*Заказ №368 Тираж 1182*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*